

Ou pa t wè m? Plon an kache pandan l anba je nou tout.



Aprann rekonèt sous entoksikasyon ak plon.

Akoz plon an se yon metal ki prezan nan eta natirèl li, ou ka ekspozé avè l prèske tout kote. Li enpòtan pou w sonje pa gen okenn kantite plon nan san w ki san danje pou ou.

Sous ekspozisyon ak plon nou jwenn pi souvan yo se:

- Penti k ap dekale nan ansyen kay yo
- Dlo k ap soti nan tiyo ki fèt ak plon
- Tè ki kontamine ak plon
- Pousyè plon ki soti nan penti k ap dekale oswa nan tè ki kontamine ak plon
- Jwèt, bijou, epis ak sirèt ki enpòte
- Nan kèk travay oswa nan kèk lwazi

Risk ekspozisyon pi wo lakay timoun ki poko gen 6 lane paske tout sa yo jwenn yo mete l nan bouch yo. Anpil timoun vale pousyè plon nan mete bagay tankou jwèt, moso penti oswa pousyè tè nan bouch yo.

Pa gen okenn kantite plon nan san w ki san danje pou ou.

Nenpòt kantite plon nan san w ka ba w pwoblèm. Efè entoksikasyon ak plon ka pèmanan epi li ka pwovoke yon andikap. Menm yon ti kantite tou piti ka pwovoke reta nan devlopman, difikilte pou aprann ak pwoblèm konpòtman.

Pi bon bagay ou gen pou w fè se: Fè yo teste timoun yo.

Si ou panse pitit ou yo te ka ekspozé ak plon, mennen yo al teste, sitou si yo gen 1 ak 2 lane. Li posib pou sa se mezi ki pi efikas ou te ka pran pou kenbe yo an sekirite. Si rezilta tèst yo montre yon ekspozisyon ak plon lakay pitit ou a, founisè swen sante ou a ka elabore yon plan aksyon pou ede w.

Ekspozisyon ak plon reprezante gwo danje sitou pou timoun yo.

W ap plis jwenn timoun ap mete bagay nan bouch yo pandan y ap eksplore anviwònman yo. Lè timoun lan ekspozé ak plon pandan ane ki pi enpòtan nan kwasans li, entoksikasyon ak plon an ka gen efè negatif alontèm sou li. Se poutèt sa, li enpòtan pou w mennen yo teste timoun ki gen risk pou yo te ekspozé ak plon yo, sitou si yo gen 1 ak 2 lane.

